



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO VETO PWOJÈ POU LIKEFYE GAZ NATIRÈL NAN PORT AMBROSE

### *Gade Lèt Gouvènè a voye bay Administrasyon Maritim Etazini [La](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te veto Likefaksyon Gaz Natirèl Port Ambrose Deepwater, site enkyetid sekirite ak ekonomik ansanm avèk enflyanse negativman delvopman van sou rivaj la. Pwojè a, ke Liberty Natural Gas, LLC, te pwopoze bezwen apwobasyon toulède Gouvènè Cuomo ak Gouvènè New Jersey Christie dapre Lwa federal sou Deepwater Port. Gouvènè Cuomo te detaye pozisyon prensipal li nan yon lèt ke li te voye jodia bay Administrasyon Maritime Etazini. Wap jwenn yon kopi lèt sa disponib [la](#).

“Administrasyon mwen an te revize avèk atansyon pwojè sa ki soti nan tout pati yo, e nou te detèmine ke risk ekonomik ak sekirite te byen lwen depase tout benefis posib,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Gwo tanpèt Sandy te montre nou kijan bagay yo ka ale de mal a pi mal lè gwo enfrastrikti yo echwe— e posibilite pou dezaz avèk pwojè sa pandan move tan oswa pami lòt risk sekirite tou senpleman pa akseptab. Port Ambrose ta antrave tou ekonomi maritim lokal nan yon fason ki afekte negativman biznis yo toupatou nan Long Island, e sa tou senpleman pa akseptab. Sa a se yon desizyon bon sans, paske veto pwojè sa nan pi bon enterè Nouyòkè yo.”

Lwa Deepwater egzije apwobasyon nan men gouvènè a nan chak eta kotye adjasan anvan yo bay yon lisans port deepwater. Pou pwojè Port Ambrose la, toulède New York ak New Jersey yo se eta kotyè adjasan.

Revizyon Gouvènè a te jwenn ke pwojè a poze yon risk sekirite ineran ak san repons nan rejyon an. Posibilite pou enpak katastwofik pandan evènman move tan te egalman inakseptab. Anplis, pwojè a poze deranjman enpòtan a aktivite maritim rekreyasyon ak komèsyal, e li ta entèfere avèk yon pwojè enèji van toupre litoral la pa New York Power Authority.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418